

RISALAH MAULID JAWI

Riwayat ringkesipun Bendara Kanjeng Nabi Muhammad shallallahu alaihi wasallam

Kasusun dening piyantun ingkang
banget ngarep-arep pangapurane Gusti,
Zia bin Taufiq al-Jawi

Niyat ingsun maos riwayatipun
Bendara Kanjeng Nabi Muhammad
kanthi tresna lan branta,
mugi amrih ridhonipun Gusti Allah
lan syafaatipun Rosululloh
Alfatihah.

اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ زَيْنَ الْأَنْبِيَاءِ
اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ مِنْ رَبِّ السَّمَاءِ
اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ اَحْمَدُ يَا حَبِيْبِي
اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ طَهَ يَا طَبِيْبِي

Assalamu alaik, mahkota para nabi
Assalamu alaik, kinasih Ilahi
Assalamu alaik, piyantun pinuji
Assalamu alaik, pepadhang ati

PAMBUKA

اَعُوْذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ
بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
لَقَدْ جَآءَكُمْ رَسُوْلٌ مِّنْ اَنْفُسِكُمْ عَزِيْزٌ عَلَيْهِ مَا
عَنِتُّمْ حَرِيْصٌ عَلَيْكُمْ بِالْمُؤْمِنِيْنَ رَؤُوْفٌ رَّحِيْمٌ

Temen-temen wis rawuh ing sira
Siji rosul saking bangsa nira
Kang banget lomane maring ira
Banget welas ing mukmin sedaya

إِنَّ اللّٰهَ وَمَلاَئِكَتَه يُصَلُّوْنَ عَلٰى النَّبِيِّ يَا اَيُّهَا
الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا

Gusti Allah lan para malekat
Iku sami ngaturke sholawat
Dumateng Kanjeng Nabi Muhammad
Mangka sedulur kabeh wong iman

Monggo ngaturke sholawat salam
Kelawan salam ingkang temenan

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

يَـارَبِّ صَـلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ
يَـارَبِّ صَـلِّ عَلَيْهِ وَسَلِّمْ

Duh Gusti mugi maringi rohmat
Duh Gusti dateng Nabi Muhammad
Duh Gusti sarta kaum kerabat
Duh Gusti sarta para sahabat
Duh Gusti ugi para awliya
Duh Gusti ugi para ulama
Duh Gusti nyuwun den ampura
Duh Gusti sedaya dosa kula
Duh Gusti Panjenengan ridha
Duh Gusti tiyang sepah kula
Duh Gusti paring gesang beja
Duh Gusti ugi pejah mulya
Duh Gusti kula nyuwun pangreksa
Duh Gusti saking napsu lan hawa
Duh Gusti paring aman ayem
Duh Gusti sarta ati tentrem
Duh Gusti mugi menang lan jaya
Duh Gusti umat Islam sedaya

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

AKIDAH KITA

Utawi sedaya puja puji
Sinembah tetep kagung ilahi
Gusti Allah kang maha ngratoni
Pitung sap langit lan pitung bumi

Kang mahaawal tanpa kawitan
Kang mahaakhir tanpa pungkasan
Kang mahawujud tanpa panggenan
Kang mahajejeg tanpa tandhingan

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ

Nakseni ingsun nekodke ingsun
Kelawan mantep ing ati ingsun
Ing saktemene ra ana gusti
Kejaba namung Allah suwiji

وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ

Nakseni ingsun nekodke ingsun
Kelawan mantep ing ati ingsun
Ing saktemene Nabi Muhammad
Utusan Gusti Panyipta jagad

Nabi Muhammad dados pungkasan
Purna piwulang para utusan
Awit zaman Kanjeng Nabi Adam
ingkang yaiku agama Islam

رَضِيتُ بِاللهِ رَبًّا وَبِالْإِسْلَامِ دِيْنًا
وَبِمُحَمَّدٍ نَبِيًّا وَرَسُولًا وَبِالْقُرْأَنِ إِمَامًا

Ridho ingsun dipangerani Gusti Allah, ridho ingsun diagamani agama Islam, ridho ingsun dirosuli Kanjeng Nabi Muhammad, ridho ingsun dipanutani kitab Al-Quran

Mangka sedulur muslim sedaya
Pada weruha ing nabi nira

Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

NASABE KANJENG NABI

Nabi Muhammad putrane Abdullah, putrane Abdul Mutthalib kang asma Syaibah, putrane Hasyim putrane Abdu Manaf kang asma Mughiroh, putrane Qusoy putrane Kilab putra Murroh, putrane Ka'ab putrane Luay putrane Fihir kang asma Quresy, putrane Malik putrane Nadhor putrane Kinanah, putrane Khuzaimah putrane Mudrikah putrane Ilyas, putrane Mudhor putrane Nizar putrane Ma'ad putrane Adnan, sak penginggil dugi Nabi Ismail, putrane Nabi Ibrahim alaihimas salaam

Ibune Nabi Siti Aminah, putrine Wahab putrane Abdu Manaf, putrane Zuhroh putrane Kilab, sak penginggil sami dugi Ibrahim ramane para nabi

Gusti Pangeran tansah mindhahi
Ing mencoronge nur Kanjeng Nabi
Saking sulbi ing rahim kang suci
Kareksa saking lelampah keji
Dados leluhur rosul pinuji

Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

يَارَسُـــــوْلَ اللهِ سَلَامٌ عَلَيْكَ
يَارَفِيْـعَ الشَّـــــانِ وَالـــــدَّرَجِ

Asmane Nabi kita Muhammad
Kang dados rohmat sedaya jagad
Ramane Nabi Sayyid Abdullah
Ibune Nabi Siti Aminah
Simbahe Nabi Abdul Muttolib
Paman kang ngasuh ya Abu Thalib
Garwa kawitan Siti Khadijah
Putri kinasih Siti Fatimah

Miyose Nabi ing taun Gajah
Daleme wonten ing kuta Mekah
    Yuswa kawan dasa Nabi dakwah
    Nyuwijiake mung Gusti Allah
Banjur Kanjeng Nabi tindhak hijrah
Sareng sohabat dugi Madinah
    Jayane Islam ing Fathu Mekah
    Kang dadi tandha ajaran rohmah
Wafate Nabi kawitan gerah
Mugiya kita saget ziarah

اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

PARASE KANJENG NABI

Nabi Muhammad wajahe cerah
Parase mesem tansah sumringah
Kulite putih lan semu abang
Paling baguse makhluk den sawang

Mripate mblalak umpama lintang
Gumbala ketel pasurya padhang
Granane mbangir bathuk mencorong
Dugi talingan remane panjang

Nalika mesem umpama udan
Ayem rasane susahe ilang
Nalika gunem rasane manis
Ing ati adhem kados gerimis

Nalika kempal sareng shohabat
Gandhane wangi ra isa ilang
Nalika mlampah tingkahe tenang
Kados tumurun saking tanjakan

Para shohabat sampun ngendika
Ing dene Nabi kados purnama
Tanggal limalas ingkang sampurna
Wengi kang peteng sinebar cahya

Dhuh beja tenan wong kang mirsani
Ing kamulyane wajahe Nabi
Ing alam nyata utawa ngimpi
Merga setan ra isa madhani

Mugi sedulur kabeh wong Islam
Saget kepanggih pyantun suci

Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

AKHLAQE KANJENG NABI

Nabi Muhammad sampurna insan
Akhlaqe Nabi yaiku Quran
Sipate jujur aris tur loman
Kang mboten goroh gunem lelahan

Remen ngapura ing kesalahan
Ananging tetep teges tur lantang
Banget welase maring wong miskin
Lan bocah yatim tur kekurangan

Padharan Nabi den ganjel watu
Marga dhaharan mboten tinemu
Gunung nawani emas suwasa
Ananging Padhuka mboten kersa

Nabi ngapura wong kang nglarani
Masiya mili getih sukune
Kelawan ndonga ya mugi-mugi
Dadiya Islam anak putune

Minangka angin ingkang sumilir
Yaiku sipat lomane Nabi
Minangka kembang wangi gandhane
Yaiku sipat akhlaqe Nabi

Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

WIYOSANE KANJENG NABI

Kanjeng Nabi miyos dinten Senen
Robiul Awal riwayat paten
Tanggale rolas miturut khobar
Wayahe tepat tumuju fajar

Nalika ngandhut Siti Aminah
Mboten ngraoske abot lan payah
Ingdalem wayah miyose Nabi
Arasye goncang langite padhang
Angkasa jembar gumebyar gebyar
Malekat muji dateng Pangeran

سُبْحَانَ اللهِ وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ
وَلَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ اَكْبَرُ (٣)

Geni Majusi ing tanah Parsi
Jare abadi dumadak mati
Ugi ambruk patbelas berhala
Ingkang sinembah ing tanah Kisra

Lan setan-setan padha dibalang
Kelawan panase lintang-lintang
Iku sedaya tandha kang cetha
Miyose Nabi ingkang pungkasan

Bungah sumebar ing mayapadha
Marga lahire cahya utama
Ayo sedulur dha jumenenga
Hadirna ati jiwa lan raga

صَلَّى اللهُ عَلَى مُحَمَّدْ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمْ
صَلَّى اللهُ عَلَى مُحَمَّدْ وَعَلَى آلِهِ وَسَلَّمْ

يَا نَبِي سَلَامٌ عَلَيْكَ
يَارَسُوْلُ سَلَامٌ عَلَيْكَ
يَا حَبِيْبُ سَلَامٌ عَلَيْكَ
صَلَوَاتُ اللهِ عَلَيْكَ

Dhuh Nabi agung minulya
Purnama ingkang sampurna
Madhangi ati kang lena
Nambani jiwa kang lara
    Dhuh Nabi luhur pinuji
    Matur sowan kula niki
    Kanthi branta rina lan wengi
    Mugiya tresna ditampi
Dhuh Nabi nyuwun syafaat
Pitulung dinten kiamat
Kawula ahli maksiat
Mugi slamet dunya akherat
    Dhuh Nabi rohmat Pangeran
    Tanpa wates lan pitungan
    Ingatase panjenengan
    Lan keluargi sekalian
Dhuh Nabi salam kawula
Katur saklawase mangsa
Dumateng Tuan Padhuka
Mugi kempal ing suwarga

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

DAKWAHE KANJENG NABI

Nabi Muhammad tinampi wahyu
Tandhane awal den angkat rosul
Ing gua Hiro kang dadi saksi
Tumurun ayat Quran kang suci

Nuli Pangeran aweh perentah
Ing Kanjeng Nabi supaya dakwah
Nyuwijiake Allah Kang Suci
Piwulang tauhid ingkang sejati

Bendara Nabi ngawiti dakwah, ing keluarga kaum kerabat, percaya tenan Siti Khodijah Sohabat Ali, lan Abu Bakar, lan Zaid bin Haritsah, Sohabat Bilal lan Utsman lan Sa'ad lan Sa'id lan Tholhah, ugi Abdurrohman bin Auf lan Sofiyyah

Kanjeng Nabi dakwah kanthi terang
Ing kaum Quresy kelawan lantang
Supaya tinggal nyembah berhala
Lelaku jahiliyyah kang nyata

Mangka dha nentang ing Kanjeng Nabi
Serta nglarani lan nyupatani
Den balang watu iku biasa
Akeh sohabat ingkang den siksa

Den goda banda dunya kang mewah
Kanjeng Nabi jejeg mboten owah
Nampi pilara ingdalem dakwah
Kanthi sabar sarta istiqomah
Inggih punika dakwah Padhuka
Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

ISRO' MI'ROJE KANJENG NABI

Nabi Muhammad dipun lampahke
Malekat Jibril dados rencange
Saking Masjidil Harom ing Mekah
Dugi Al-Aqsho kang luber berkah

Ing Baitul Maqdis Nabi ngimami
Para utusan lan para nabi
Banjur Padhuka tindhak tumuju
Mabur ing langit kang lapis pitu

Ing pitung langit Nabi kepanggih
Para anbiya ingkang pinilih
Rikala Mi'roj Padhuka pirsa
Ing ajaibe swarga neraka

Ana mbok tua kriput rupane
Umpama dunya lan sak isine
Ana wong ajur pecah sirahe
Iku wong abot solat fardhune

Ana kang wajahe dicakari
Iku wong kang senenge ngrasani
Ana wong kang digunting ilate
Iku kang nulayani cramahe

Hingga dumugi Nabi piyambak
Ing puncake Sidrotul Muntaha
Nuli tinampi jimat kang mulya
Wajibe solat fardhu kang lima

Subuh dzuhur ashar maghrib isya
Kabeh dijaga ja nganti lena

Ayo sedulur pada matura
Salam dumateng piyantun mulya

Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَلسَّلَامُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ (٣)

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

HIJRAHE KANJENG NABI

Nabi Muhammad nglampahi dakwah
Ingkang rekasa lan susah payah
Dipun larani wong kafir Mekah
Hingga tinampi perentah hijrah

Para shohabat sampun lumampah
Andoh dumugi negeri Habsyah
Telulas taun dakwah ing Mekah
Banjur hijrah dumugi Madinah

Sohabat muhajirin lan ansor
Kaum muslimin dadi sedulur
Masjid kawitan ing desa Quba
Ingkang den bangun kelawan takwa

Umat Islam dadi makmur kokoh
Imane aman negrine bakoh
Gusti Allah mpun ngrestoni perang
Badar lan Uhud lan pirang-pirang

Taun kawolu takluke Mekah
Ingkang sinebut Yaumul Marhamah
Perkara batil den gusur ilang
Ingkang haq menang gilang gumilang

Haji wada' ing taun sepuluh
Para sohabat dha neteske luh
Amarga iku dadi pertandha
Cedhak wayah Kanjeng Nabi seda

Wonten ing yuswa sewidak tiga
Padhuka Nabi kapundhut seda
Ayo sedulur dha maturnuwun
Dateng Bendara ingkang sinuwun

Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

TRESNANE KANJENG NABI

Nabi Muhammad banget tresnane
Maring kita sedaya umate
Nyuwun ampura ing saben sholat
Kanggo kita kang ahli maksiat

Para nabi gadhah donga hebat
Kang wis den suwun ing alam dunya
Kejaba nabi kita Muhammad
Rupa pitulung aweh syafa'at

Wonten riwayat hadits kang soheh
Dhawuhe Kanjeng Nabi kinasih;
"Dhuh bungah tenan menawa ingsun
Bisa ketemu sedulur ingsun."
Para sohabat ya penasaran;
"Napa tah kita niki sedaya
Iku sanes dulur panjenengan?"

Den jawab Nabi kanthi ngendika,
"Sira kabeh ya sohabat ingsun,
Anapun utawi dulur ingsun
Yaiku wong kang iman ing ingsun
Nanging ra tau ketemu ingsun."

Sedulur kabeh kaum mukminin
Bungaha sira gedhekna ati
Awak-awakan kang ina iki
Temen den kangeni Kanjeng Nabi
Kanjeng Nabi Muhammad
shallallahu alaihi wasallam

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

Mugi sholawat salam
Katur rina lan wengi
Dumateng kanjeng nabi
Makhluk paling pinuji

مَوْلَايَ صَلِّ وَسَلِّمْ دَائِمًا أَبَدًا
عَلَى حَبِيبِكَ خَيْرِ الْخَلْقِ كُلِّهِمِ

Kanjeng nabi kekasih
Kang bakal mitulungi
Saking bebaya dunya
Akherat lan bilai

هُوَ الْحَبِيـــبُ الَّذِي تُرْجَى شَفَـاعَتُهُ
لِكُلِّ هَـوْلٍ مِنَ الْأَهْــوَالِ مُقْتَحِـمِ

Berkat pangkate nabi
Kulo nyuwun duh gusti
Dosa dipun resiki
Donga den sembadani

يَـارَبِّ بِالْمُصْطَفَــى بَلِّغْ مَقَاصِدَنَـــا
وَاغْفِرْ لَنَـا مَـا مَضَى يَـا وَاسِـعَ الْكَــرَمِ

Mugi sedaya umat
Kanjeng Nabi Muhammad
Tansah pinayung rohmat
Dugi dina kiamat

يَاأَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ يَاأَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ
يَاأَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ فَرِّجْ عَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ

اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَيْهِ

DONGA

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ
عَلَى اِمَامِ الْمُرْسَلِيْنَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ
وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِيْنَ

Dhuh Gusti ingkang Mahakuasa
Kang Mahaasih Murbamesesa
Nyuwun ampura sedaya dosa
Lan keluputan kula sedaya

Dhuh Gusti kanthi pangkate Nabi
Mugiya umur dipun berkahi
Mugiya ibadah dipun tampi
Netepi iman nalika mati
Tebihke saking neraka geni
Mlebet swarga nikmat abadi

Dhuh Gusti kanthi berkahe Nabi
Paringi qobul sedaya hajat
Paringi tutup sedaya cacat
Paringi mantun sedaya mriyang
Paringi lunas sedaya utang
Sedaya susah paringi gampang
Sedaya akal paringi padhang
Sedaya ati paringi tenang
Usaha lancar rejeki jembar
Kaum muslimin paringi aman
Saking dzolimin lan makar setan

Dhuh Gusti mugi saged pinanggih
Para kekasih piyantun sholih
Ing alam dunya ngimpi lan nyata
Ugi mbenjing ing tetaman swarga

وَصَلَّى اللّٰهُ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ
عَمَّا يَصِفُوْنَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِيْنَ
وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ آمين
بِنِيَّةِ الْقَبُولِ وَاِلَى حَضْرَةِ الرَّسُولِ
الْفَاتِحَة



فوستاكا
سانتري ججغ